



Pou Piblikasyon Imedya: 05/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRAM VAKSINASYON ETA A

*Jiska 11AM jodi a, Sit Distribisyon Swen Sante New York yo te administre 99% nan alokasyon semèn 1-7 la ak 93% nan total premye dòz nou te resevwa nan men gouvènman federal la; alokasyon semèn 8 la kòmanse rive*

*Nouvo done nan tout Eta a revele pousantaj akseptasyon vaksinasyon ki ba pami Nouyòkè nwa ak latino ki elijib yo; sondaj ABNY lan konfime ezitasyon*

[Tablodò Vaksen an \(Vaccine Dashboard\)](#) pral ajou chak jou pou bay mizajou sou pwogram vaksinasyon eta a; ale sou [ny.gov/vaccinetracker](https://ny.gov/vaccinetracker)

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogram vaksinasyon eta a. Jiska 11AM jodi a, sit distribisyon swen sante New York yo te resevwa 1,661,290 premye dòz epi yo te bay 93 pousan oswa 1,539,355 premye dòz vaksinasyon ak 80 pousan premye ak dezyèm dòz yo. Alokasyon semèn 8 gouvènman federal la kontinye ap livre bay founisè yo pou administre semèn sa a. Sit distribisyon swen sante Eta New York yo te administre 99% nan tout alokasyon semèn 1-7 ki te livre konplètman bay NYS epi founisè yo ap kòmanse administre alokasyon Semèn 8 yo pandan yo ap rive.

"Depi kòmansman efò vaksinasyon an, nou te rann li klè - objektif nou se pou nou mete piki nan bra yo pi rapidman ak pi ekitableman posib epi se egazkteman sa nou ap fè", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan done montre New York ap administre vaksen an nan yon pousantaj ki ekstrèmman wo, pi gwo kesyon enkyetid nan pwèn sa a sèke kontinye genyen yon retisans nan pifò kominote nwa a pou pran vaksen an. Nou te prevwa sa. Nou te pale sou sa depi bonè. Nou ap adrese sa, men li toujou egziste. Wi, genyen bon jan rezon pou mefyans nan sistèm lan, men li pa vrè pou vaksen sa a. Nou dwe adrese ezitasyon an dirèkteman avèk done yo ak validasyon. Soti nan patenarya avèk lidè kominotè yo rive nan ede disipe rimè ak mit yo, nan etabli sit vaksinasyon yo dirèkteman nan kominote ki defavorize yo, tankou nou te fè nan Estad Yankee (Yankee Stadium) a, nou ap fè plis nan New York pase nenpòt lòt Eta nan sans sa a, epi nou ap redouble efò sa yo. Dekwa pou nou genyen finalman lagè sa a kont COVID la, chak moun bezwen monte abò, epi nou pral kontinye fè tout sa nou kapab pou nou fè sa rive."

Anplis de sa, Gouvènè a te pibliye nouvo done demografik sou pousantaj akseptasyon vaksen an nan tout Eta a atravè popilasyon ki elijib yo. Men repatisyon done yo:

<b>1A - Travayè Lopital yo</b>	<b>1B - Travayè Esansyèl yo</b>	<b>1B - Popilasyon 65+</b>
63% nan moun ki pran vaksen an te blan (70% nan popilasyon ki elijib la)	74% nan moun ki pran vaksen an te blan (75% nan popilasyon ki elijib la)	78% nan moun ki pran vaksen an te blan (77% nan popilasyon ki elijib la)
10% nan moun ki pran vaksen an te afriken ameriken (17% nan popilasyon ki elijib la)	5% nan moun ki pran vaksen an te afriken ameriken (17% nan popilasyon ki elijib la)	4% nan moun ki pran vaksen an te afriken ameriken (13% nan popilasyon ki elijib la)
10% nan moun ki pran vaksen an te ispanik oswa latino (9% nan popilasyon ki elijib la)	10% nan moun ki pran vaksen an te ispanik oswa latino (14% nan popilasyon ki elijib la)	5% nan moun ki pran vaksen an te ispanik oswa latino (12% nan popilasyon ki elijib la)
16% nan moun ki pran vaksen an te azyatik (12% nan popilasyon ki elijib la)	7% nan moun ki pran vaksen an te azyatik (6% nan popilasyon ki elijib la)	8% nan moun ki pran vaksen an te azyatik (7% nan popilasyon ki elijib la)

Yon sondaj resan ke Asosyasyon pou yon Pi Bon New York (Association for a Better New York, ABNY) konfime menm tandans yo avèk ezitasyon anplis sou vaksen an pami Nouyòkè nwa, ispanik ak azyatik yo. Sondaj la te jwenn: 78 pousan nan Nouyòkèblan yo tap pran vaksen an osito li te disponib pou yo konpare ak 39 pousan nan Nouyòkè nwa yo, 54 pousan nan Nouyòkè ispanik yo ak 54 pousan nan Nouyòkè azyatik yo te di menm bagay la.

Anviwon 7 milyon Nouyòkè elijib kounye a pou resevwa vaksen an. Gouvènman federal la te ogmante apwovizyonman pa semèn nan a plis pase 20 pousan pou twa semèn k ap vini yo, men gran rezo distribisyon New York ak gwo popilasyon moun ki elijib a toujou lajman depase apwovizyonman k ap soti nan gouvènman federal la. Piske apwovizyonman an limite, nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo rete pasyan e nou konseye yo pou yo pa prezante nan sit vaksinasyon yo san randevou.

[Tablodò Vaksen](#) eta a genyen ladan l, repatisyon vaksen ki administre konte pa konte atravè pwogram Etablisman Swen Alontèm Federal la ak pwogrè nan administrasyon vaksen pou travayè lopital yo. Chif pwogram vaksinasyon ki anba yo se pou dòz ki distribye epi livre nan New York pou pwogram vaksinasyon an, e yo pa genyen ladan yo sa ki rezève pou pwogram Etablisman Swen Alontèm gouvènman federal la. Men yon repatisyon done sou baz kantite ki repòte bay Eta New York a 11:00 AM jodi a. Alokasyon total ki anba a genyen ladan l 33 pousan alokasyon semèn 8 la k ap fin distribye bay sit founisè New York yo dimanch.

## **REPATISYON NAN TOUT ETA A**

- Premye Dòz yo Resevwa - 1,661,290
- Premye Dòz yo Administre - 1,539,355; 93%
- Dezyèm Dòz yo Resevwa - 794,650
- Dezyèm Dòz yo Administre - 413,512

<b>Rejyon</b>	<b>Kantite Dòz yo Resevwa Ototal (1ye ak 2yèm)</b>	<b>Kantite Dòz yo Administre Ototal (1ye ak 2yèm)</b>	<b>% Total Dòz yo Administre/Resevwa (1ye ak 2yèm)</b>
Capital Region	151,210	121,861	81%
Central New York	120,590	107,503	89%
Finger Lakes	148,715	129,873	87%
Long Island	307,410	246,253	80%
Mid-Hudson	234,515	173,283	74%
Mohawk Valley	65,450	48,862	75%
New York City	1,120,765	847,299	76%
North Country	68,405	67,504	99%
Southern Tier	72,715	65,254	90%
Western New York	166,165	145,176	87%
Nan tout Eta a	2,455,940	1,952,867	80%

	<b>1ye dòz yo livre konplètman bay New York pou Sit</b>	<b>2yèm dòz yo livre konplètman bay New York pou Sit</b>	<b>Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl (Personal</b>	<b>KIMILATIF</b>
--	---	--	---	------------------

	Distribisyon Swen Sante yo	Distribisyon Swen Sante yo	Protective Equipment, TOTAL)	
<b>Semèn 1</b> Dòz k ap vini nan dat 12/14 - 12/20	90,675	0	90,675	N/A
<b>Semèn 2</b> Dòz k ap vini nan dat 12/21 - 12/27	392,025	0	392,025	482,700
<b>Semèn 3</b> Dòz k ap vini nan dat 12/28 - 01/03	201,500	0	201,500	684,200
<b>Semèn 4</b> Dòz k ap vini nan dat 01/04 - 01/10	160,050	90,675	250,725	934,925
<b>Semèn 5</b> Dòz k ap vini nan dat 01/11 - 01/17	209,400	45,825	255,225	1,190,150
<b>Semèn 6</b> Dòz k ap vini nan dat 01/18 - 01/24	250,400	428,100	678,500	1,868,650
<b>Semèn 7</b> Dòz k ap vini nan dat 01/25 - 01/31	250,400	160,450	410,850	2,279,500
<b>Semèn 8</b> Dòz k ap vini nan dat 02/01 - 02/07*	106,840	69,600	176,440	2,455,940

*\*Chif sa yo reprezante 33 pousan alokasyon semèn 8 la. Yo prevwa pou alokasyon konplè semèn 8 la rive nan fen jounen dimanch 7 fevriye a.*

Jiskaprezan, sit distribisyon swen sante New York yo te administre 93 pousan nan dòz premye semèn lan yo te resevwa nan men gouvènman federal la men akòz alokasyon limite gouvènman federal la, randevou yo te ranpli byen vit. Pou ou detèmine si ou elijib ak pran yon randevou nan yon sit vaksinasyon an mas Eta a jere, ou ka vizite sitwèb '[Èske M Elijib \(Am I Eligible\)](#)' a. Nouyòkè yo kapab rele depatman sante, famasi, doktè, oswa lopital lokal yo pou yo jwenn plis enfòmasyon ak pou yo pwograme randevou yo kote vaksen yo disponib.

[Tablodbò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodbò a pou reflète mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a.

Nouyòkè ki sispèk fwod nan pwosesis distribisyon vaksen an ka rele kounye a nan 833-VAX-SCAM (833-829-7226) oswa voye imèl bay Depatman Sante a nan [STOPVAXFRAUD@health.ny.gov](mailto:STOPVAXFRAUD@health.ny.gov). Anplwaye liy ijans yo ap achemine plent yo bay ajans investigasyon ki apwopriye yo pou asire ke Nouyòkè yo pwofite de travay Eta a pou vaksinen tout popilasyon ki kalifye a.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)